ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№136 (23.950) ● 2019 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Президентым и деж Стратегие зыужьныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ советым и президиумым и зэІущІэм

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий Москва щригъэкІуэкІащ Урысейм и Президентым и деж Стратегие зыужьныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ советым и президиумым и зэІущІэр. Видео зэпыщІэныгъэмкІэ щыІэ Іэмалхэр къыгъэсэбэпри, абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ «Дунейпсо кооперацэмрэ хамэ къэралхэм сату ядэщыныкъмрэ», «Лэжьыгъэм кърикІуэхэмрэ цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыныкъмрэ», «Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэр ядэІыгъныр» лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум.

Премьер-министрым гупльитэ хэха хуиІщу къытеувыІащ бюджет ахъшэхэр зыкуохаха Іэхъум къызэрыхуагъэсэбэпым, къэрал мылькур къызэрыпхъын хуей щыкІэм теухуа хабзэхэм зэрытетымрэ ар зратын хуейхэм и пІалъэм зэрагэрыхьэмрэ: «НаІуэу зэрыщытымкІэ, ди къэралым, фэрэ дэрэ ди лэжьыгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэ дыдэщ ар икІи а лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным теухуа хабзэхэр къызэпызыудэхэм икъукІэ ткІийуэ ябгъэдыхьэнуц, уеблэмэ уголовнэ жэуапым щрашалІи къыхэхуэзу», - къыхигъэщащ Медведев Дмитрий.

Министерствэхэмрэ Іэхъущ Іапі Іэхэмрэ я унафэщІхэм пщэрылъ щащІащ мылькур и чэзум къызэрамигъэсэбэпым, Іэхъур кІыхьлІыхь зэращІым, апхуэдэу хуагъэува кьалэнхэр и чэзум зэрамигъэзащІэм теухуа ныкъусаныгъэхэр щыІэу ялъагъумэ, абы теухуауэ Прокуратурэ Нэхъыщхьэм зыхуагъэзэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр «Дунейпсо кооперацэмрэ нэгъуэщІ къэралхэм сату ядэщыныкъмрэ» лъэпкъ проектыр гъэзэщІэным унэтІныгъиплІкІэ хэтщ. Ахэр мэкъумэш Іэхъущ Іапі Іэхэм, промышленностым я продукцэр адрей къэралхэм яхуегъэшэным, Іэхъухтьэбзэ щІэным ехьэлІащ, дунейпсо кооперацэм зегъэужьыным пыщІащ. Программэм щыгъэзыухэр зэгъэхъулІэн мурадкІэ щыналъэр яужь итщ нэгъуэщІ къэралхэм щыпщэ хъуну мэкъумэшхэкІхэр гъэхьэзырыным. Къэралыр кьаэзрыдэІэпыкъум Іэмал кытынущ хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ щылажьэ Іэхъущі Іапі Іэхэу хамэ къэралхэм зи продукцэхэр езыгъашэхэм я бжыгъэр 2024 гъэм ирихьэлІэу хэпщІыкІыу нэхъыбэ хъунымкІэ.

ХьэрычэтыщІэхэр дэІыгъыным хуэунэтІауэ республикэр лъэпкъ проектым унэтІныгъитхукІэ хэтщ. Ахэр ехьэлІащ бизнес Іэхъухэр зэтеухуэнымкІэ щыІэ щытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, хьэрычэт Іэхъущі Іапі э мащІэмрэ курытрэ зыгъэлажьэхэм льготэ яІэу мылъку яхухэхьным, фермерхэм грантхэмрэ зэрагъэгушхуэ Іэмалхэмрэ кьахуэзгъэпэщыным, мэкъумэш кооперацэм зегъэужьыным, нэгъуэщІ зыбжанэми.

«Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ» лъэпкъ проектым хыхьэу 2019 гъэм зэрыщІидзэрэ апхуэдэ Іэхъущі Іапі эхэм финанс дэІэпыкъунигъэу иратащ сом мелуани 193-м щІигъу, я лэжьыгъэм кьыщагъэсэбэпыну щыналъэ сакъыІэт фондым кредиту сом мелуан 847-м щІигъу кІыхьахьи папщІэ. Куэд мыхъу щІыхуэхэр тынымкІэ фондым илъэсыр кьыхэзрихьэрэ хьэрычэт Іэхъущі Іапі э мащІэрэ курытрэ зыгъэлажьэхэм щІыхуэ 55-рэ яритащ, сом мелуан 57-м щІигъу хуэзэу.

«Лэжьыгъэм кърикІуэхэмрэ цІыхухэр ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщыныкъмрэ» проектым щыналъэхэр зэрыхьхьэ графикым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мурадщ, а унэтІныгъэм щызэфІигъэкІа щапхъэ нэхъыфІхэр кьигъэсэбэпу, 2022 гъэм ирагъэкІуэкІыну зэпеуэм хэтыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

ХьэщІэхэр кърагъэблагъэ

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр дыгъуасэ яхуэзащ Тверь областым и Хабзэубзыку Зэхуэсым и ЛыкІуэхэм. Хьэщ Іэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кърагъэблагъащ щыналъэхэм я парламентхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ щэкІуэгъуэм и 12-м зэращыІІа зэгурыІуэныгъэм тету.

ЛІЫКІУЭХЭМ зыщрагъэпІьыхьащ республикэм и хабзэубзыку орган нэхъыщхьэм и Іэхъущ Іапі эм, хагъэгъуэзащ я зэфІэкІхэмрэ ехъулІэныгъэхэмрэ.

Егоровэ Татьянэ кІэщІу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и гъэпсыкІэмрэ я лэжьыгъэр зэрарубзыхумрэ.

- Ди хьэщІэ депутатхэр нэхъыбэу зыхэтыр экономикэм епха комитетхэрщ. ДызэчэнджэщынымкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэщ, мы махуэхэм къэралым и щыналъэ псоми бюджетым щытопсэлъыхьэри, - жиІащ Егоровэм. - Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейт Тверь областым и зэфІэкІхэм зыщыдгъэгъуэзэну дызэрыхуейр, псом хуэмыдэу мэкъумэш Іэнатіэм, электроэнергетикэм, туризмэм зэрызрагъэужь щыкІэм. А псом щхьэхуэу нобэ дыщытепсэлъыхьыну ди мурадщ комитетхэр зыхэтыну зэІущІэм. Щэч хэмылъу, мыпхуэдэ Іуэху бгъэдэхьэкІэр щхьэпэ хъунущ ди щыналъэхэр зэрызэдэлажьэр дяпэкІэ едгъэфІэкІуэным-кІэ. Дэ дыкІэлъоплъ щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьыгъэ убзыхукІэм. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и Парламентым и V-нэ зэхьхьэгъуэр жьыджэру ядэлэжьащ Сыбыр, Приволжье федеральнэ округхэм, Тэтэрстаным я хабзэубзыку Іэхъущі Іапі эхэм, апхуэдэуи щІэх-щІэхьыурэ даІуощІэ Кавказ Ищхьэрэм хьихь щыналъэхэм я лІыкІуэхэмк. Тверь областым и Хабзэубзыку Зэхуэсым Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Буевич Константин** бысымкъэм фІыщІэ яхуищІащ, гуапэу къызэрырагъэблагъам папщІэ. Абы жиІащ Тверь областым и Хабзэубзыку Зэхуэсым депутат 40 зэрыхэтыр, политикэ парти 4 къызэрыщыгъэлъэгъуар («Урысей зэкъуэт», «Захуагъэ здэщыІэ Урысей», КПРФ, ЛДПР).

«Фи щыналъэм, цІыхухэм я гуапагъэр зыхэтщІащ, гуапэу фыкъытІущІащ. Дыщогугъ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэри Тверь щыналъэм фыныгъуеблэгъэну», - жиІащ абы.

Саугъэтхэр зэІэпаха нэхъуж, лІыкІуэхэмрэ бысымхэмрэ я лэжьыгъэм щІадзащ. ХьэщІэхэм зыщрагъэпІьыхьынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэхъущі Іапі э зыбжанэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Транспортым и щытыкІэм хоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щэкІуэгъуэм и 12-м Налшык къалэм щахуэзащ Транспортым и ІэнатІэм щыкІэлъыплъыныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ Ахъуэхъу Аслъэнбэчэрэ Транспортым и ІэнатІэм щыкІэлъыплъыныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІу иджыблагъэ ягъэува Кравцов Дмитрийрэ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ щыналъэ автомобиль гъэгухэм, авиацэм зегъэужьыныкІэ, пассажирхэмрэ хьэлъэхэмрэ зэрыпрашэкІыр егъэфІэкІуэныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм. Псалъэмакъым къыщыхагъэщхьэхукІащ жылагъуэ пхыдзахэм кІуэ гъуэгухэр зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр.

Республикэм и унафэщІым кьыхигъэщхьэхукІащ щыналъэм и кІуэцІкІи абы и щытыкІи экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр щыгъэбыдэныкІэ автомобиль транспортым мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Хэхаугъ тепсэлъыхьащ Транспортым и ІэнатІэм щыкІэлъыплъыныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и щыналъэ управленэм кьыпэщыт къалэнхэм, апхуэдэу ведомствэ зэпыщІэныгъэхэм я кьызэгъэпэщыкІэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

ЛэжьыгъэкІэ зэпеуэным зэрызыщІагъакъуэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щыналъэхэм я Іэтащхьэхэм я рейтингым Къэбэрдей-Балъкъэрыр щыпашэщ

Цыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ Урысей академием 2018 гъэм кърикІуахэм япкъ иткІэ, ЛэжьыгъэкІэ зэпеуэнымкІэ мардэм тету кьыщащ лэжьыгъэкІэ зэпеуэным зыщІэгъэкъуэнымкІэ щыналъэхэм я Іэтащхьэхэм я рейтингыр. Абы кьыщыгъэльэгъуа бжыгъэхэр зэхуагъэкІуащ Урысей Федерацэм и субъектхэр лэжьыгъэкІэ зэрызэпеуэм зегъэужьынымкІэ мардэм тету.

РЕЙТИНГЫМ кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм и субъект пашэу пщыкІущым яхэтщ икІи абы хьэрычэт Іэнатіэм зегъэужьыным кьаруушхуэ тригъэкІуэдащ. Аращ ди республикэр мы рейтингым ипкъ иткІэ нэгъабэ елъытауэ увыпІэ пщыкІубликІэ щыІдзкІуэтери икІи Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым пашэ щыщыхъуар.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩэкІуэгъуэм и 14, *махуэку*

♦Фошыгъу узым ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦Логопедым и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и социологхэм я махуэщ
♦Белоруссием щагъэльэпІэ гъуэІэм и махуэр
♦Индием и сабийхэм я махуэщ
♦1666 гъэм дунейм щыяпэу лъы хакІауэ щытащ. Ар зы хьэм кьыхащыри, нэгъуэщІ хьэм хакІат.
♦1907 гъэм лэжьэн Урысейм щыщІидзащ III Къорал Думэм
♦1936 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ дунейм и щытыкІэнум кІэлъыплъ институт нэхъыщхьэр.
♦1956 гъэм КПСС-м и обкомым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдейр Урысейм езым фІэфІу зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуэм зэрызэхуагъэхьэзыр щыкІэм. Доклад зыщІар обкомым и секретарь Бэрбэч Хьэтіу-тІащ.
♦1970 гъэм СССР-м и Граждан авиацэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм хыхьащ.
♦1989 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьыщІащ зи хэкур залымыгъэкІэ зрагъэбгына лъэпкъэхэм лей зэрыкІэлъыдзэрахьар, ар щІэпхъаджагъэу зэрыщытыр кьыщыгъэлъэгъуауэ.
♦1994 гъэм Парижрэ (Франджы) Лондонрэ (Инджылыз) зэпыщІа мэхъу Ла-Манш псы дэжьпІэм щаща тоннелымкІэ.
♦Франджы сурэтыщІ цІырыІуэ, импрессионизмым и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ **Моне Клод** къызэралъхьэ илъэси 179-рэ ирокъу.
♦Индием щыщ къэрал лэжьакІуэ, дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ политикхэм хабжэу щыта, Индием и апэ прельэр-министр **Неру Джавахарлал** къызэралъхьэрэ илъэси 130-рэ ирокъу.
♦Швецием щыщ тхакІуэ цІэрыІуэ, «Малыш Карлсон» тауральхэр зи Іэдакъэщ Іэкі, тхылъищэм нэблагъэ (и нэхъыбаІэр сабийхэм яхуитхауэ) кьыдэзыгъэкІа **Линдгрен Астрид** къызэралъхьэрэ илъэси 112-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ **Къашыргъэ Хьэпащ Іэ** къызэралъхьэрэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыщ зиІэ и лэжьакІуэ **Ефэнды Джылахъстэн** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокъу.
♦Ухуакіуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Алмэ Алий** къызэралъхьэрэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Инджылызым и пащтыхыкъуэ **Чарльз** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэрмокъуэ Ахьмэд** и ныбжьыр 72-рэ ирокъу.
♦Совет фигурист, Европэм и чемпион **Бобрин Игорь** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦ 2005 - 2009 гъэхэм США-м и Къэрал секретару щыта **Райс Кондолиззэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Урысей актрисэ, УФ-м и Къэрал Думэм и VI зэхуэсыгъуэм и депутату щыта **Кожевниковэ Марие** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жащым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

♦1933 гъэм Москва япэ троллейбус линэхэм лэжьэн щыщІадзащ.
♦1934 гъэм СССР-м япэу щекІуэкІащ макъ зыщІэт теленэтынхэр.
♦1955 гъэм Ленинград метром и япэ гъуэгум лэжьэн щІидзащ.
♦1988 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ щэхуэгъуэуа щІэпхъаджащІэ гупхэм ебэнынымкІэ управленэр.
♦Совет конструктор, Іэщэ лІэужьыгъуэ куэд, абыхэм иджыпсту и цІэр зезыхъэкІрахъуэри яхэту, къызэгупсыса **Стечкин Игорь** къызэралъхьэрэ илъэс 97-рэ ирокъу.
♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩІДАА-м и членкорреспондент, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэшыр Юрий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корректору илъэс 40-м щІигъкІэ хьэлэлу лэжьа, республикэм и дамыгъэ льапІэхэр зрата **Сокъур Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Москва дэт финанс академием и ректор **Есчындар Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦ЖылагъуэІ лэжьакІуэ, Москва дэт циркым и художественнэ унафэщІ **Никулин Максим** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр, УФ-м щыхь зиІэ и артист **Ливанов Игорь** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦Публицист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КъБР-м щыхь зиІэ и журналист **Ширдий Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **Мэкъуауэ ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦АР-м щыхь зиІэ и артистка **Къудей ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жащым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

ЩэкІуэгъуэм и 15, *мэрем*

♦Гъуэгум къыщыхъу автомобиль зэжьэхуэхэм хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ
♦Дзэм къулыкъу щиІэну ирадж эм и урысейпсо махуэщ
♦Урысейм зэщІэгъэуІуауэ щалэжь щІэпхъаджагъэхэм ебэныным хуэгъэпса ІэнатІэр къыщыхэзгъэпэщащ махуэщ *(1988 гъэм)*
♦Бразилие Республикэр къыщызэрагъэпэща *(1889 гъэм)* **махуэщ**
♦Палестинэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр къыщызэрагъэпэща *(1988 гъэм)* **махуэр ягъэлъапІэ**
♦Географие хъыбарегъащІэ системэхэм я махуэщ
♦Японием щагъэлъапІэ сабийхэм я махуэр
♦1764 гъэм Урысейм Художествэхэмкіэ и академиер къызэрагъэпэщащ.
♦1886 гъэм Штутгарт къалэм (Германие) щыщ **Бош Роберт** унагъуэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр щызэпкъралъхь и Іэхъущ Іапі э, цІыхуитІ фІэкІа щымыІаныжьэу, къызэІуихаш. Иджы ар дуней псом щыщІэрыІуэ «Bosch» фирмэрщ.
♦1912 гъэм лэжьэн щІидзащ IV Къэрал Думэм.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щхьэж и ныбжьэгъу и гъуджэ-мажьэщ.

● Электрокъуар

Щхьэхуещагъэм пэщІоувэ

«Урысей сетхэр» компанием и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и ІэщІагъэлІхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ток къыщызыгъэсэбэпхэм я деж щрагъэпышнащ хабзэм ебакъуэу ядыгъуа электрокъаруэу киловатт-сэкІэм мелуан 1,3-м щІигъум хуэзэ уасэр, сом мелуани 2,7-м щхьэдэхьэр.

КЪЫХЭДГЪЭЩА зэкІэлъымыкІуагъэхэм щхьэтечу и гугъу щащІащ «Къэбалъкъэнерго» Іэхъущі Іапі эм иджыблагъэ щызэхаша зэІущІэм. Абы хэтащ «Бахъсэн районэр энергосбыт» организацэм и лІыкІуэхэри. Зэхьыхьэм щызэІущІахэр тепсэлъыхьащ электрокъуар къэзыгъэсэбэпэм щыхуэ зэрызытрамыгъэхуэным ехьэлІауэ драгъэкІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэм, хабзэм ебакъуэу зэрыкъуарэ едыгъуэхэм зэретхьэкъу щыкІэм, нэгъуэщІхэмри.

ІэщагъэлІхэм зэрызэхэгъэкІамкІэ, къаГъэсэбэп токым и уасэр ирикъуу зымытхэр нэхъыбэу здэщыІэр Бахъсэн районым. Апхуэдэу, а щІыналъэм щыщу щІыхуэ зытезыгъэхуэхэм дызэрыт илъэсым и ятІэ мази 9-м къриубыдэу сом мелуаным ныбджэгъу ирагъэпшыныжащ.

Республикэр зэрыщыту къатщтэмэ, «Къэббалъкъэнерго» Іэхъущі Іапі эм и Іэщ Іагъэлі эхэм, мы гъэм зэрыщІидзэрэ ток къэзыдыгъу Іэхъущі Іапі эрэ щыІэ цІыхуу, псори зэхэту, 217-рэ къыхэхтыкІащ. ГъэщІэгъуэныр аращи, абыхэм ящыщу 33-м, мыхъумыщІагъэ ялэжьыныкІэ зэрыерыщыр яГъэнатІуэу, электрокъуар зрикІуэ кІапІэхэм сэхъэщхьэзыфІэфІу зыпащІэжат.

Къыхэгъэщыпхъэщ, ди къэралым къытезыгъэзэжу электрокъуар къыщыдыдыгъэхэм тралъхьэ къудамэ мы гъэм зэрыхагъэхъуари. Апхуэдэу, УФ-м и Президент Путин Владимир мэкъуауэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, аргуэрыжьу хабзэмебэкъуахэм ящыщу: цІыху щхьэхуэм - сом мин 30-м нэблагъэхэкІ, Іэхъущі Іапі эм - сом мин 300-м нызэрыхьэскІэ етхьэжъунущ. АтІэми, унафэщІхэм ящыщу нэхъ езыгъэлейхэм я къулыкъуэ: цІыху щхьэхуэм - сом мин 20-м нэблагъэ къуэдыуэ ирагъэтынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и район сымаджэщхэм «Къуажэ дохутыр» программэмкІэ ІэщІагъэлІ 44-м лэжьэн щыщІадзэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Хъубий Марат район сымаджэщхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэр зыхэт ІэщІэ иригъэкІуэкІащ, «Къуажэ дохутыр» программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащІэм теухуауэ.

ИЛЪЭСЫМ и пэщІэдзэм район сымаджэщхэр Іэщ Іагъэлі 91-рэ хуэныкъуэу щытащ.

Мы зэманым кьриубыдэу дохутыр 44-м абыхэм лэжьэн щыщІадзащ.

Къуажэ дохутырхэм яхэтщ участковэ терапевтхэр, педиатрхэр, узыфэ зэрыщІалэхэм ялэзэхэр, анестезиолог-реаниматологхэр, «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и дохутырхэр, акушер-гинекологхэр, психолог-наркологхэр, хирургхэр, эндокринологхэр, рентгенологхэр, неврологхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Прохладнэ

Гъуэгубгъухэм я нэІэ тетщ

Прохладнэ къалэм гъуэгубгъуэхэм ерыскъыкІэхэр щрамыгъэщэным теухуа лэжьыгъэ щокІуэкІ.

КЪАЛЭ кІуэцІым дэтщ бззэриті. Абыхэм сату щІапІэу 1253-рэ яІэщ икІи 600-м щащэр ерыскъыхэкІщ. КъищынэмыщІауэ, а сату щІыпІэхэр зыІыгъхэм дэфтэр яІыгъын хуейщ ящэр езыхэм къагъэкІауэ, къагъэхъуауэ зэрыщытым теухуауэ. Ар къалэ администрацэм къарет. Абыхэм кІэлъыплъынымкІэ къэпщытэныгъэхэр къалэ администрацэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ зэгъэусэу ирагъэкІуэкІ.

Мы зэманым къалэм щІыпІэгъунукъым автомашинэхэм, лоток цІыкІуэхэм щхьэзыфІэфІу ерыскъыхэкІхэр щызыщІэ. Арщхьэкіэ кІэлъыплъаКІуэхэр гугъу ирагъэхъ щІыпІэ зэгъэужьхэм щхэуу пхъэщхьэмыщхьэ, гъэщ, джэдкъаз щызыщІэхэм. Апхуэдэхэм санитар мардэхэр ягъэзащІэу плъагъуркъым. Нэхъыбэм къагъэсэбэпри, щІым щыт ашыкхэмрэ кІэзет убгъуахэмрэщ. Апхуэдэ «сату щІапІэ» зыбжанэм щызэхуэсхэм зыхуагъазэри, хабзэр гурагъэІуащ. Абы ебэкъуауэ етІуанэу, ещанэу къалэрыхьэхэм сом мини 3-м кьыщыщІэдзауэ сом мин 50-м нэсыхукІэ етхьэкъунущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныр, мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр щыэзблэгъэкIыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м **Налшык къалэ** **№180-ПП**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныр, мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр щыэзблэгъэкIыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №154-ПП-мкIэ къищтам, зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl
МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныр, мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр щыэзблэгъэкIыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м **Налшык къалэ** **№181-ПП**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1.«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыныр», мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр щыэзблэгъэкIыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэр (адэкIэ-къэрал программэщ) къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэрал программэм и унэтIыныгъэхэр 2021 - 2025 гъэхэм гъэзэщIэным хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм дэлэжьэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэм гъэзэщIакIуэ органу хэхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl
МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м ***Налшык къалэ*** ***№184-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl
МУСУКОВ Алий



Къалэн нэхъыщхьэ

Жэпуэгъуэм и 29-м илъэс 67-рэ ирикъуащ ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ къулыкъур къыззэрыгъэпэщрэ. Абы теухуат КъБР-м щыIэ Урысей Льэпкъ гвардием и дзэхэм и УВО-м щекIуэкIа зэIущIэр.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м щыIэ Урысей ВНГ-м и УВО-м и унафэщIым и къуэдзэ полицэм и полковник **Хьэмыз Мурат,** Налшык къалэмкIэ УВО-м и унафэщI полицэм и полковник **Жылэшх Рэмэзанрэ** КъБР-м щыIэ Урысей ВНГ-м и УВО-м и къудамэм и унафэщI полицэм и майор **Ануров Павелрэ**.

- УВО-р полицей IэнатIэщ, Урысей Льэпкъ гвардием и дзэхэм (ВНГ) хыхьэу. Абы и къудамэхэм цIыхухэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ я мылъкур, хэщапIэхэр яхьумэ зэгурыIуэныгъэр и лъабжьэ,- жиIащ Хьэмыз Мурат.

- Мы зэманым УВО-м республикэм щехъумэ Iуэхущапlэ зэмылIэужьыгъуэу мини 3,5-м щигъу. УВО-м и къудамэхэм ягъэзащIа Iуэхутхьэбзэхэм къапэкIуэу федеральнэ бюджетым сом мелуан 202-рэ ирагъэхьащ. ХэхъуэхэмкIэ къапэщылъ къалэнхэр ягъэзэщIащ. Муниципальнэ районхэм щолажьэ сыткIи зэпэщ хъумакIуэ пункт 11,- жиIащ абы.

КъБР-м щыIэ УВО-м къыщагъэсэбэп автомашинэхэр хъумэныкIэ иджырей бгъэдыхьэкIэр, къызэрымыкIуэ щытыкIэ къэхъу хъужыкъуэмэ, зэгъэтIылъэкI имыIэу къезыгъащIэ хъумакIуэ техникэ Iэмэпсымэхэм я сабэпкIэ.

- Iуэхутхьэбзэу зэфIэтхым зегъэубгъуным, апхуэдэуи автотранспортэр яхьумэным къыхэхъуэным ехьэлIа Iуэхуэр КъБР-м щыIэ Урысей Льэпкъ гвардием и дзэхэм и УВО-м и къудамэхэм зэтеублауэ ирагъэкIуэкI. Яхьумэ обьектхэр къыщапщытэкIэ цIыхухэм йопсалъэ, зэфIах Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэр, абыхэм щытапхъэ уасэр, автотранспортхэр яхьумэныр я нэIэм зэрыщIагъэувэ хабзэр гурагъаIуэ, - жиIащ Ануров Павел.

КъБР-м щыIэщ курыт еджапIэ 594-рэ, абыхэм я процент 80-р техникэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпу яхьумэ Росгвардием и Iуэхущапlэм и къудамэхэм. УВО-м и къудамэхэм я лэжьакIуэхэм яхъумэхэм, ар фэтэрхэу, Iуэхущапlэхэу щрет, щедыгъуэ къэхъуакъым иужьрей илъэсхэм.

Росгвардием КъБР-мкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу къаIэрыхьащ хъуэхъу гуапэхэр, зи Iуэхущафэкlэ къалэным къахэжаныкIахэм ираташ ведомствэм и дамыгъэхэр, щыхь, фIыщIэ тхыльхэр, саугъат лъапIэхэр.

УАРДЭ Жантинэ.
Сурэтыр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

• Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Лэжьыгъэр и чэзум зэфIагъэкIащ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм гъавэхэкIыр кIэрыхуншэу къыщрахьэлIэжащ.

НАРТЫХУ къудейуэ мы районым щыIуахыжащ гектар мин 17-м нэблагъэ. Силосыпхъэ гектар 70-м щигъум къытрахар мащэхэм ирагъэзэгъэжащ. Зы гектарым хуэзэу нартыхуу къытрахащ центнер 30-м щIигъу. Силосу ягъэтIылъащ тонн мин 15. Мы гъэм кIэртIофышхуэ щыхасащ Шордакъ, Белокаменскэ жылагъуэхэм (гектар 350-м нэс). Абыхэм мащIэу къакIэрыхуащ Сэрмакъымрэ Дзэлыкъэжьажэмрэ. Районым пIалъэм фIимышу сэхуранри (гектар 1740-м щIегъу) щыIуахыжащ. Зы гектарым хуэзэу къытрахар центнер 25-рэ мэхъу. Мы зэманым мэкъумэшыщIэхэр яужь итщ бжьыхьэ вэн-сэным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

• ХъыбарегъащIэ

Пшыхьым фрагъэблагъэ

Нэфхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ библиотекэм щэкIуэгъуэм и 14-м сыхьэт 13-м щекIуэкIынущ «Вечная классика» концертыр камерн э музыкэмкIэ «Камерата» ансамблыр зыхэтынур. Абы и лъэныкъуэкIэ къагъэсэбэп щэнхабзэмрэ гъуаздджэмкIэ лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ творческэ проектхэр пхыгъэкIыным Урысей Федерацэм и Президентым хухиха грантыр.

НЭФХЭМ папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ библиотекэм щэкIуэгъуэм и 21-м сыхьэт 14-м щызэхэтынущ литературэм и драмэ жанрым дихьэхэм папщIэ къызэрагъэпэща пшыхь гъэщIэгъуэныр. Абы утыку къыщрахьэнущ щыIэпIэ театрхэм я спектаклхэр щызэхуэхьэса (уедаIуи хъуу?) тхыльыр.

Пшыхьыр къызэрагъэпэщ зи нэм сэкъат иIэ ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ Нэфхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ библиотекэм социощэнхабзэ центр къыщыдзэIухыным ехьэлIа текIуэрыт зэрагъэзащIэм къыхэкIыу.

Къаруан

Урысей гвардием Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ округым щIэ къудамэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым концерт щитащ Къэбэрдей-Балъкъэрым.

УРЫСЕЙ гвардием КъБР-м щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зрагъэблагъа, еджапIэм и лэжьакIуэхэмрэ студентхэм папщIэ екIуэкIа концертыр щатащ Гъуаздджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым. Ар хуэгъэпсат къэрал кIуэцI къэрэгъулыр Урысейм къыщыззэзыгъэпэща Комаровский Евграф къызэралъхурэ илъэс 250-рэ зэрыкрикъум.

Артистхэм ягъэзэщIащ урысей, хамэ къэрал уэрэдхэмрэ макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ. Ансамблым и унафэщI, Урысейм гъуаздджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, подполковник Бурмистров Василий фIыщIэ хуищIащ институтым и унафэщIым и къуэдзэЕфэнды ФуIэд, концертыр къызэгъэпэщащынымкIэ сэбэп къаззэрыхуэхъуам папщIэ.

Къищынэмыщ1ауэ, институтым и фойем дэж щекIуэкIащ «Патриот» жылагъуэ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща «В объективе Росгвардия» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр, граф Комаровскэм теухуар.

ФЫРЭ Анфисэ.

• Гъуаздджэ

Комаровскэм и щIыхькIэ

• Узыншагъэ

IэмэпсымэщIэхэр къаIэрохьэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм федеральнэ бюджетым къыхэкI мылъкукIэ сом мелуан 14-м щигъу и уасэ медицинэ Iэмэпсымэу 58-рэ къыщаухуащ сымаджэщхэм и паллиативнэ къудамэхэм щаIэуэвну, яхуэмыгъэхъужьи узыфэхэр зыпкърыт сымаджэхэм унэм къыщагъэсэбэпыну иратыну.

АПХУЭДЭУ сымаджэхэм унэм къыщагъэсэбэпыну хуаIэуващ бгъэIэпхъуэ хъу зэрыбауэ Iэмэпсымэхэр, небулайзерхэр, инсуфлятор-аспираторхэр. Сымаджэщхэми яIэрыхьащ зэрагъэбауэ аппаратхэр, вертикализаторхэр, зыщагъэпскIкIэ, массаж щащIкIэ зыхуеину хъэпшыпхэр. Адэкlэ къащэхунущ ИВЛ аппаратхэмрэ медицинэ аспираторхэмрэ.

- Паллиативнэ дэIэпыкъуныгъэм зегъэужьыныр узыншагъэр хъумэныкIэ и IэнатIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэща дыхъумэ, сымаджэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэхъуэнущ. 2018-2019 гъэхэм Чэнджэщ-диагностикэ медицинэ центрымрэ Зеикъуэ район сымаджэщымрэ яхуэмыгъэхъужьи узыфэхэр зыпкърыт сымаджэхэм щакIэлъыплъ къудамэхэр къыщыззэIутхащ. Ди мурадщ апхуэдэ къудамэ УнэтIныгъэ зыбжанэ зиIэ, щыналъэхэм зэдай сымаджэщми къыщызэдгъэпэщыну. - жиIащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министрым и къанэнхэр зыгъэзащIэ Хъубий Марат.

ЩХЬЭЩЭМЫ ЩI Изэ.

• Ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я тхыдэ

Балканхэм къикIа адыгэхэр Палестинэм нэсащ. *1878 гъэ*

Иорданием и пащтыхьым и адыгэ хъумакIуэхэр, инджылыз офицерхэр я гъусэу. *1958 гъэ*

Иорданием щыпсэу адыгэхэм я мэкъумэш щIэкIэр (1878 - 1978 гъэ.)

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №135-м итщ).

Вэнымрэ жылэ хэпхъэнымрэ

Ар бжьыхьэкIэм, ялэрей уэшхыр къеошха иужь, яблэрти, епщыкIутIанэ мазэм и кIэухым нэс екIуэкIырт, пасэуи гувауи вэхэр-сэхэр щыIэт. ХэбгъэкIасэмэ, лэжьыгъэр гугъу дыдэ хъурт. Щыымахуэ жьапщэ щыIэм жэщ ныкъуэм укъэтэджу, уэрывэну уи быымыр бгъэшхэн, псы ебгъэфэн хуейт, вакIуэ удэкIын ипэ. Губгъуэ нэщI фэхум загъуэрэ къуэкIыпIэ жьапщэ щыIэ дыджжь къыщыкъуэурт, уи Iэпэльапэхэр къиГъэщтрэ къыззгуичу, уэшхри уридэкIуеину къежэхьу. Аузрэ махуэ псокIэ губгъуэм уитынти, шэджагъуэ нэужьыфIым укъэкIуэжынт, уи унагъуэ Iуэхухэм иужь уихьэн, уи вабдзэ бгIын, уи пхъэIэщэ укIэлъыплъынт хуэдэу.

Хэнымрэ гъасэ къишыжынымрэ

Джэшхэкlэхэр къафыщIыжынымкъыгъэ мазэм и кIэуххэм щIадзэрти, хьэмым кърахьэлIэжырт. ИтIанэ гуэдз-хьэхэр Iэрэ гъубжкIэрэ, Iэтэ цIыкIу-цIыкIуурэ зэтралъхьэнт, гъасэ къишыным хуэгъэхьэзырауэ.

А хэнри гугъуагъкIэ вэным къызэрыкIэрыху щыIэтэкъым, мынэхь леймэ. Махуэ еным дыгъэ жьэражьэм тхыбыIушэу ущылэжьэнри мащIэкъым, абы ищIыIужькIэ хьэпщхупщри гъудэ-бадзэри еужьэрэкIыу я Iэху зэращIэным иужь итт.

Мэкъумэшым и Iуэнымрэ и къехьэлIэжынымрэ

Мы Iуэхугъуэм гъасэ къишыжынымрэ зэраухыу и ужь ихьэхэрти, бадзэуэгъуэ мазэм ауэрт.

ЯпэщIыкIэ мэкъумэшыр хьэмым тракъухьырти, мыIув-мыIащIэу, быным зэкIэрыщIакIэ зэхаутэрт, зэтес хъуху. ИтIанэ дуанкIэ яIуэжьрт, дуанхэм е мывэ щтауч, е гъущI хьэдзэ халъхьэрт. Абы и ужькIэ самэшхуэу зэтратхъуэжьрти, якIыщтэжьным иужь ихьэхэрт. КIыщтэн яуха иужь, къэпхэм ираклIутэжьрт.

Пщалъэу зэрахьэм зэреджэр «мэсхьт», ар сагъитI ирокъу. «Сагъыр» килограмми 6,5-м нэс гъавэ пщалъэ цIыкIут. Гъавэ самэ зэтратхъуэжам уеувалIэу «сагъ дапщэ къипщыну пIэрэ?» жыпIэу ухэплъэнырэ яфIэтельыджэт, ядэртэкъым, «фIыкъым» жаIэрти къыпхуэхъущIэхэрт. Ари пасэрей адыгэхэм я нэщэнэу щытащ. Гъавэр щапщкIэ бжьыгъэцIэкэр жаIэртэкъым, ягурэ я псэрэ етауэ фIэщыгъэ защIэкIэ Iэпэдзгъэлэл хэмылъу япщытэрт. БжьыгъэцIэхэм я пIэкIэ мыхэр зэхэпхынт: «Алыхь узэхьд» - «зыр Алыхьырщ». «TIу» жаIэным и пIэкIэ «ма лэхьу сани» - «етIуанэ, гъусэ зимыIэр» жаIэрт. «Хы» бжьыгъэцIэм и пIэкIэ «ситрэк, я рэб» - «уи нэIэ, я ди тхъэ» жаIэрт. «Блы» бжьыгъэцIэм и пIэкIэ «сэмхь» жаIэрт - «хьэлэлы-гъэ, гупыкIышхуэ» къыгъэкIыу. Ахэр адыгэхэм хьэрыпхэм къыпаха хабзэхэм щыщу аращ.

Гъавэр сагъ 20-25 - рэ зэрыхуэ къэпхэм ираклIутэжа нэужьым махъшэ-шыд чырэкIэ я нэхэм, я гъавалъэхэм ирашэлIэжьрт.

Адыгэ мэкъумэшыщIэхэр я былымхэм фIыуэ егугъуэхэрт, хэхауэ выхэмрэ шыхэмрэ лей ирахьртэкъым, ягъафIэрт, гъэфIэцIэхэри фIащхэрт. Iэщ-былым бззэрхэм, Амман, Ирбит, Къунейтlрэ (Джолан - Сирием) нэсхэрт, нэхъыфI хэдэ ящIу, къащэхуа иужькIи зэрыхуейм хуэдэу ягъасэхэрт.

Зэманыфlкlэ адыгэхэр мэкъумэшым езыр-езыру елэжьахэщ, мы щIыпIэм исхэм бжьыгъэкIэ ебэкIыу щыщытам. Ауэ еджапIэхэр къызэIуаха нэужь, адыгэ щIалэгъуалэр щIэныгъэм хущIэкъуу, еджапIэхэм щIэтIысхьэу хуежьэри, лъэпкъитIым зэхьхьэу щIадзащ. Иордание тепщэгъуэр къызэфIэува иужь, адыгэхэр лжьакIуэхэм зэныкъуэ хъуащ. Абы къыхэкIыу, вакIуэу хьэрыпхэр къащтэн щIадзащ.

Апхуэдэурэ илъэсым мазипщIыр екIуэкIырт. Къэна мазитIыр къэшэн-унагъуэ уху эным, нэгъуэщI зэкIэлъыкIуэн-зэлъихьэн Iуэхугъуэхэм текIуадэрт.

А лэжьыгъэхэм бзылъхугъэхэри унагъуэ Iуэхум къыдэкIуэу къыщыхъуэв къэхъурт.

Адыгэхэм зэдэIэпыкъун Iуэхукlэ щIыхьэхуэхэр ирагъэкIуэкIырт, сыт и лъэныкъуэкIи я лэжьныгъэхэмкIэ зэхьэрхуэрхэрт. Зыгуэрым зэраныгъэ къеуалIэмэ, щIэпхъаджагъэ гуэр къэхъумэ, псори зэхьхьэурэ зэдэIэпыкъуэхэрт.

Адыгэхэм а зэманхэм хэхъуэу яIа закъуэр я мэкъумэш лжьыгъэрт, зыхэпсэукIри арат. Гъэ еным зыхуей-зыхуэныкъуэхэр тыкуэнтесым щыIуэу зыкIыахырт, гъавэр Iуахыжа нэужь, япшыныжырт. ЩIыхуэу къащтэ хабзэр: фошыгъу, шей удз, фэтыджэн, тутын гъэлъэлъа, ар зыкIуэцIашыхьын тхылымпIэ, къалэм, тетрадь, щэкIыщхьэхэр. Иужькlэ ахъшэр куэд хъури, зэрахуейуэ зэрагъакIуэ хъуащ.

Гъавэр бэв щыхъуэм дэж, зыхуей-зыхуэныкъуэхэр хаха иужькlэ, къанэр шыд-къыдырхэм я щIыб ильу Иерусалим, Наблус, Палестинэм яхьырт, е Дамаск мафIэгукIэ яшэрти къахъуэжырт. Гъэмахуэ хадэхэкIхэм ящыщу яшхынумрэ бжьыхьэ-щIымахуэм хуагъэтIылъынумрэ зэрагъэзэхуа нэужь, къэнахэр зэбграхырти ящэрт.

Мы лъэхъэнэм и иужьрей илъэсхэм адыгэхэм я нэхъыбэм я щIым щыщ куэд афIэкIуэдащ. Зы Iыхьэр щIыхуэм ихьащ, адрейр унагъуэ зэгъэпэщыным текIуэдащ. Нэчыхьым уасэшхуэ телът - динар 350-рэ. Ар мэкъумэшыщIэм дежкIэ ахъшэшхуэт, арати, щIы ящэрти, щхьэгъусэ къащэрт. Ауэ иужькlэ, 1952 гъэм, адыгэ лIышхьэхэр зэхьыхьэри, нэчыхьыпщIэр динари 150-м нэс кърагъэхауэ щытащ.

Ещанэ лъэхъэнэр

Мы лъэхъэнэр адыгэхэм я мэкъумэш щIэныр щыхэкIуэдэжар лэщIыгъуэм и тхущI гъэхэм щыщIеддзэри, блыщIхэм нос. Иужьрей адыгэ унагъуэу и мэкъумэш Iэмэпсымэхэр зыгъэтIылъыжар Уадисир щыщ Рэджэб Ахьмэд Iэюбрэ абы и къуэшхэу Мухьэмэдрэ Хьэмидрэщ. Ар къыщыхъуар 1979 гъэрщ.

Мы лIэщIыгъуэм и хыщIрэ тху гъэхэм ирихьэлIэу мэкъумэшым зэрелэжь машинэхэр зэрагъэпэщат, щIэуэ къежьа Iэмэпсымэхэри зэрахьэрт. А псоми мэкъумэшыщIэр игъэтынщырт, и лэжьыгъэр псынщIэу кърихьэлIэжырти. Ауэ абыхэми къызэтрагъэнакъым лIащIыгъуэ енкIэ зызыужьа мэкъумэш щIэныр. Ар щIыдзэхэжам и щхьэусыгъуэу къэплъытэ хъунущ:

1. Иужьрей илъэсхэм мэкъумэш лжьыгъэм къыпэкIуэр мащIэт, щIыгулъри нэхъ тIэщIа хъуат. И пэм зы гуэдз сагъым сагъ 20-30-рэ къихьыжырт, иужькlэ ар сагъи 10-м хуэкIуащ.

2. Лжьакlуэхэр мащIэ дыдэ хъуащ, я чырапщIэхэри фIыуэ дэуент.

3. ЩIалэгъуалэм еджэным, къулыкъу нэхъ псынщIагъуэхэм зратащ.

4. Унагъуэ зэхэкIыным щIы Iыхьэ зэхэпхыр игуэшырти, Iыхьэ щIыкIу-щIыкIухэу зэпкрыльэлъэныжырт.

5. ХыщI гъэхэм я пэщIэдзэхэм щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ адыгэхэм щы щэнэр къаззэрыхьауэ щытащ. Илъэс бныщIхэм и кIэуххэм щы щэнэр зы бэлыхь гуэру куэд хъугъат, щIым и уасэри фIы дыдэу дэкIуеят. Арати, адыгэхэм я щы Iыхьэхэм я процент 80-р ящащ.

6. ЩIы Iыхьэ мащIэу нобэм къахуэнэжахэр зыгуэрхэм хьэхуу ялэжь, къыпэкIуэм и Iыхьэ щанэр щIыр зейм ирату, ауэ ар щIым къытехуэ къуэдым хурикъу-хуримыкъущ.

Зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Мариананэщ**.

Актёр телъыджэ, режиссёр Iэзэ, драматург цIэрыIуэ (100)

Лъэпкъ гъуазджэм и вагъуэ

Тубай Мухьэмэд Мудар и къуэр 1919 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м Тэрч районым хыхьэ Къаншыуей (иджы Курп Ищхьэрэщ) къуажэм къыщалъхуащ. Ар щытащ ди лъэпкъ театрым и джэлэсу, къыхиха джэгуакIуэ IэщIагъэм хуэпэжу, режиссёр IэкIуэлъакIуэу, унафэщI губзыгъэу, театрым и щэхуэм фIыуэ хэзыщIкI драматург гъуэзэджэу, цIыху щыпкъэу, ныбжьэгъу пэжу.

Тубай Мухьэмэд. *1946 гъэ*

И НЫБЖЬЫР илъэс 17 фIэкIа мыхъуауэ Мухьэмэд техьат щIыхьышхэу зыпылъ театр гъуэзджэм и гъуэгуанэ гуГум. Налшык къыщIэзIуаха Къэбэрдей драмэ студием щеджэу абы итхъэзщIауэ щытащ ШэкIыхьэщIэ Пащыкъанэр Нало Жансэхъуэр я «Жэрыгрыуэт» пьесэм къытращIыкIа спектаклым хэт Астемыр пщы ябгэм и роль. Студиер къиуха нэужь, Тубайр яхэтащ Къэбэрдей колхозсовхоз драмэ театрыр къызэIузыхахэм. ДжэгуакIуэ Iэщ1агъэм и мызакъуэу драматургиеми пэлъэщын зэчий зэрыбгъадэлъыр Тубайм къигъэлъэгъуащ илъэс 19-м иту. 1938 гъэм а театрым щагъэуВауэ щытащ Мухьэмэд итха «Мэжидрэ Марятрэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. Абы есы Тубайм щигъэзэщIат Асльэмырзэ бзаджащIэм и роль. 1939 гъэм «Мэжидрэ Марятрэ» пьесэм и саулыкъуакIэ драматург ныбжьыщIэр хагъэхьащ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым.

Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Тубайр яхэтащ 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м Москва и Уг Плъыжьым щекIуэкIа парадым иужькIэ занщIэу зауэм Iухьа совет сэлэтхэм. ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ игъэльагъуэу хэкум и щхьэхуитныгъэм щIэзэуа адыгэ щIалэм кхыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэ орденым и етIуанэ нэгъыщIэр (1944 гъэ), Вагъуэ Плъыжь орденыр (1943), «За оборону Сталинграда», «За победу над Германией», «За победу над Японией» медалхэр.

Зауэ нэужьым Тубай Мухьэмэд щалъхуа хэкум кIыгъэзэжри, фIыуэ илъагъу IэнатIэм еувэлэжащ. Илъэс тIощIрэ тхум щIигъэкIэ адыгэ сценэр игъэбжьыфIэу ар Къэбэрдей драмэ театрым и актёр нэхъ пажэжэм ящыщ зыиэу щытащ. ИгъэзащIэ ролхэр цIыхухэм гунэс ящыхьуу, я теплъэкIэ, я хьэл-щэн-зэпыщIа зэрыхэуным. Сталиным и образыр згъэлъэгъуэну къызэрызэхъулIам сэ нэхъри сытригъэгушхуащ ди лъэпкъ театральнэ гъуазджэр зэредгъэфIэкIуэным тлъэкI къэдмыгъанэу делэжьын зэрыхуейм» [«Ленин гъуэгу», 1990, шыщхьэуIум и 29-м]. Дэбгъуэн щымыIэу а образыр зэригъэлъэгъуам и фIыщIэкIэ 1951 гъэм Тубайм къыфIащащ «Къэбэрдей АССР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр.

Спектаклхэм щыджэгу къудейм и мызакъуэу, Мухьэмэд езым спектаклхэр игъэуву щытащ. Режиссёру ар зэлэжьам ящыщщ Шортэн Аскэрбий и «Партым и лIыкIуэ», ЩхьэгъэпсО Мухьэмэд и «Благуьэм псыр иубыдащ», Дудар Хьэутий и «Нчыхьыхтх», «Фыз Iэзэ», «КъуийцыкIу», «Хьэлэлыжьрэ Хьэрэмыжьрэ», Мысачэ Пётр и «Псэм и щIасэр нэм фIэдзэхэщ», Сонэ Мухьэрбий и «Ухейм - улъэщщ», Журт Биберд и «Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ» спектаклхэр, нэгъэущIхэри.

Актёр, режиссёр лэжьыгъэм кьадэкIуэу, Тубай Мухьэмэд Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унафэщIу, театрым и парторганизацэм и секретарь кьалэнхэри игъэзащIэу илъэс зыбжанкIэ лэжьащ. Ди лъэпкъ щэнхабзэм зиужьын папщIэ Iуэху щхьэпэ куэд зыIэжьа Тубай Мухьэмэд къыфIащауэ щытащ КъБАССР-м и цIыхубз, РСФСР-м щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр.

Тубай Мухьэмэд гъащIэм нэ жанкIэ пхыпIыкIэ драматургыу щытащ. «Мэжидрэ Марятрэ» пьесэм и мызакъуэу абы и кьалэмыпэм къыщIэкIащ зытеухуакIи жанркIи зэхуэмыдэ тхыгъэхэр: «Къэбэрдей щIалэ», «Насыпыр хьумэ», «Гъуэгу нэху», «Жьэрыплъэ», «Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ», «Мыбы хуэдэуи кьохьу», нэгъуэщIхэри. 1956 гъэм Къэбэрдей тхыль тедзапIэм къыщыдэкIащ абы и «Пьесэхэр» жьхуиIэ тхыльыр.

Зи гъащIэ псор лъэпкъ гъуазджэм тыхь хуэзыщIа Тубай Мухьэмэд Мудар и къуэр 1973 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м дунейм ехыжащ.

ЩАКIУЭ Марьянэ,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат.

Сталиным и ролыр егъэзащIэ.

Тубай Мухьэмэд хуэдэ диIакъым

Сценэт ар къызыхуигъэщIар. ПкъыфIэу. И нэгу зэлъыIухам гуапагъэр къищу. И нэ фIыцIэ дахитIыр пIащэрэ лыдыжу. Бгъэ лъэтэнум зэкъуипхъуэт дамэу и набдзэшхуитIыр зэкъуершэу. Зэ зылъэгъуам зэи игу имыхужьи и теплъэ уардэм зэ зэхэзыхьам щIэ ди щымыгъупщэжьи и макъ жьгъыру гуакIуэр хьэлэмэтышцэу екIужу.

Ди лъэпкъ театрым и сценэр илъэс куэдкIэ зыгъэбжьыфIа Тубай Мухьэмэд апхуэдэу ягу кьинэжащ цIыхухэм.

И НЫБЖЬЫР илъэс пущыкIублым иту Мухьэмэд щIэтIысхьащ Налшык къыщIэзIуаха театральнэ студием. Студиер колхоз-совхоз театр зэрыхъуахэу, абы актёру щылэжьэн щIедзэ. Театрепльхэм щIэхуу ар ягу ирохь, режиссёрми фIыкIэ гу къыльетэ, роль нэхъыщхьэхэри къыхуегъэфащэ.

Ауэ актёр лэжьыгъэм и закъуэкъым щIалэщIэр дзэзыхьыр. Тхэным гу хуищIати стIолым бгъэдэсу жэщхэр игъакIуэрт. «Мэжидрэ Марятрэ» зыфища и япэ пьесэм и Iэрытхэр усакIуэшхуэ Щоджэнщыкlу Алий ирегъэльагъу. «Алий кьысщысхьакъым, - жиIэжырт езы Мухьэмэд. - Абы и чэнджащэм ябгъ иткIэ щIэрыщIэу тхуэ-хэ сымытхьжь псалъэуха къыщыбгъуэтынкъым пьесэм. Ауэ иужькIэ Алий хуэдэу сэ зыри кьысщыгуфIыкIакъым икIи си Iэри Алий хуэдэу быдэу зыми кьикъуэзакъым».

Пьесэр тхын щиуха дыдэми, 1939 гъэм, ягъэув. Спектаклым еплъахэм псом хуэмыдажу яу ирихьат пьесэм и лIыхъжь нэхъыщхьэ Мэжид. И псалъэкIи и IэхъущIафэкIи гъащIэщIэр зыуху гуащIэрыпсэуным и къэушт ар. ЛIыхъужьыр къэувырт щIыхур зэхэгъэж зыщI хабзэжьхэм, социальнэ зэхуэмыдэныгъэ напэтехым я бийуэ. «Дызыхуэй дымыгъэгуу Елджэрыкъуэ дызэрыхуэлажьэркъым дыщIэкъуаншэр, - жиIэрт абы. - Дэ дыщIэкъуаншэр ди гуащIэдзкIыр Елджэрыкъуэ и гуэным илъу дэ шхын щхьэкIэ зыдогъалIэри аращ. Сыт ар езыр щIэмылажьэр? Хэзы хуэдзу йофэри и нэр хьэсэлъэ жэму щIригъэтIыльфэу, мыщ гъэшхам хуэдзу, мэджагъри и гуащIэм бгъэдэсщ. Дэ къомыр джэджьей сымаджэм хуэдэу зыдмыгъэхъейуэ дызэхэсщ».

Залымыгъэр щытепщэ дунейм захуагъэ щызекIуэркъымы, Мэжид хуэзфIэкIыркъым фIыуэ илъагъу икIи къэзылъагъуж Марят и гъусэ хьуну. Ныбжьыщ1итIым я лъагъуныгъэм лъыгъажэ къокIри, тIыри гуузу хокIуадэ, ауэ Мэжиди Мэряти епщIыжькъым я лъагъуныгъэм. Абыхэм я псэр ят я щхьэр щIэпхъаджагъэм хуамыгъэщхьыу, лIыгъэ яхэлъу.

«Мэжидрэ Марятрэ» блэкIа зэманым теухуамэ, кьакIэлъыкIуэр 1940 гъэм Тубай Мухьэмэд етх адыгэ кьуажэм колхоз псэукIэм кьыхуздихьа щIэм, бгырыс цIыхубзым и гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ махуэхэм тепсэлъыхь пьесэ. «Трактористкэ» пьесэр я гъэ дыдэми театрым егъэув.

Зэман кIэщIым Мухьэмэд зыкъигъэлъэгъуат зэфIэкI зиIэ артёру икIи драматургыу. Илъэс тIощI фIэкIа мыхъуа щIалэр спектакль зыкъэомым щыджэгуакIэт, пьеситIи и Iэдакъым къыщIэкIат. Ди лъэпкъ театрым и япэ лъэбакъуэхэм кIэлъыплъ псори Тубай Мухьэмэд куэдкIэ щыгугъырт... Ауэ зауэр кьохьеи. Мухьэмэди Iэщэ кьещтэри поув щIыри псыри зэрипхъуэу кьытхуэкIуэ бий фIыцIэм.

Тубай Мухьэмэд фронт куэдым щызэуащ. КъызэрыгуэкI сэлэту щIидзэри авторзводым, иужькIэ авторотэм и командир хъуащ, лейтенанту зауэр къиухащ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Берлин нэскIэ зыхужакэм Мухьэмэд яхэтами, абы и зауэлI фащэр 1945 гъэм и накъыгъэм ирихьэлIэу щIихьжакъым. Дищ кьеIэну къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ зыкъыщызыIэта зызымыщIэж самурайхэр я пIэ изыгъэувэжахэм яхэтащ Тубай Мухьэмэд. Абы и зауэ гъуэгуанэр кьиуныу и унэ кьыщигъэзэжар 1946 гъэрщ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ игъэльэгъуауэ.

Тубай Мухьэмэд куэдрэ дэлэжьа КъБАССР-м и цIыхубз артист Болэ Мурат игъэщIагъуэ жиIэжырт:

- Лъэпкъ театрым и сценэм роль зэмыщхь куэд щигъэзэщIащ Тубай Мухьэмэд. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, актёр псоми кьащтэфыркъым сыт хуэдэ ролри. Хэт лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа персонажи и нэгу кьыщIигъэувэн хуэзфокI, хэти ауаным, гушыIэм нэхъ хозагъэ. Тубайм хэдэ иIакъым. Абы игъэзащIэ ролхэр ахуэдизкIэ зэщхьэщокIри, жьлIэ хуэнуц ар щыджэгуа спектаклыщIэ кьэс театрепльыр Тубай Мухьэмэдыщ1э щыIуащIаэр.

СыткIэ зэщхь, псалъэм папщIэ, Корнейчук и «Платон Кречет»-м хэт Аркадийрэ (мыр Тубай Мухьэмэд сценэм япэ дыдэу щигъэзэщIа ролщ) Гоголь и «Фызышэм» узыщрихьэлIэ Иван Кузьмичрэ? Нэхъ зэпэжыжьэжкъэ Лермонтовым «Ди зэманым и лIыхъужь» и романым хэт псэ щабэ зиIэ, сабийм хуэдэу кьабзэ, гу пщIанэ, цIыху лъагъуГуаофIэ Максим Максимычрэ Горбатовым «Зы жэщ» зыфIища пьесэм хэт хьэ щхьэрыпхъуэм кьыкIэрымыхуу бзаджэ икIи хьилэшы Кривохатскэмрэ?

Зэ еплъыгъуэкIэ кьыпщIыхъунут зи псалъэр зи гурылъым техуэж цIыху хьэлэлхэр Тубай-актёрым нэхъ щIэхьу кьиндхъуатэу. Пщы хэлъэхъым апхуэдэхэр абы псэкIи зэригъунэгъум. И теплъэри мыбдей дзгъуэу кьещIэзэгъурт. Псалъэм и хьэтыркIэ, нэмыщэ тхакIуэшхуэ Шиллер Фридрих и «ЩIэпхъаджагъэмрэ лъагъуныгъэмрэ» трагедием хэт Фердинанд и ролыр Мухьэмэд хуабжьу екIуат. Тубайм уи фIэщ ищIыфырт абы и Фердинандыр зэрылIыхъужь нэсыр, псэукIэ бэмпIэгъуэмрэ хабзэжь гущыкIыгъуэмрэ къэмыланджэжу ар зэрапэщIэтыр, и псэр пытыху апхуэдэлIыр зэримыкIуэтынур, сыт къыпIыкIуэкIми жиIам зэремыпщIыжьнур. Ещхьыркъабзэу, пыплъыхьэн щымыIэжу артистым уи нэгу къыщIигъэхьэрт цIыху хэлъэфа Фердинанд ауи емыкIуалIэ, езы Мухьэмэд и «Мэжидрэ Марятрэ» узыщрихьэлIэ Асльэмырзэ пцIыIуэпщIыщэм и хьэлщэн гуемыIури.

ГъэщIэгъуэнракъэ, цIыху нэджэщIуджэм и ролым щитым дех езым и теплъэ екIури и макъ гуакIуэри Мухьэмэд гущыкIыгъуэу къыпщIигъэхъуфырти, персонажыр нэхъри гурымыхь абы ищIырт. Абы и щхьэгъщ Щоджэнщыкlу Алий и «Мадинэм» къытращIыкIа спектаклым Къасыму, «Къамботрэ Лацэрэ» Асльэныкъуэу Тубай Мухьэмэд зэрыщщджэгуа щыкIэхэр.

Спектакль щигъэувкIэ Тубайм къызэкъуихыр режиссёрым иIэн хуей хьэл нэхъыщхьэхэр. Абы пьесэм къыхуигъэтыфырт езым и кьеджэкIэ. Арат Тубайм игъэува спектаклхэр зы цIыхум и Iэдакъэм кьыщIэкIа нэхъей щэщIа кьыпщызыгъэхъур, абыхэм щыджэгу актёр псори зы ансамблу зэзышIэр.

Нэхъ мащIэкъым Тубай Мухьэмэд ди драматургием хуищIа хэлъхьэныгъэри. Я темэкIи, я гъэпсыкIэкIи зэмылIэужьыгъуэщ абы и пьесэхэр. Ауэ псом хуэмыдэжу Тубайм нэхъ кьехъулIэрт ауан жанкIэ псыха пьесэхэр. Апхуэдэщ «Насыпыр хьумэ», «Уимыш умышэ», «Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ», «Жьэрыплъэ», нэгъэущIхэри.

Мухьэмэд и пьесэхэр щэрыуэу гъэпсащ. Дауи, сценэм и «щэхуэхэм» фIыуэ щыгъуазэт ахэр зи Iэдакъэщ1кIыр. Абыхэм ущрихьэлIэркъым экспозицэ зэрызелъафэ, кьегъэкIуэкI-негъэкIуэкI гъущэ. Сыт къэхъуми, сыт къапсэлъми - псори сценэм и хабзэ пыухыкIахэм йозагъэ.

Тубайм и пьесэ жанхэмкIэ зуу щIихулIыкIырт «мылажьэу бупкэ зышынкъэм» я напэр, мыльку угъуеиным дихьэхэм ящIэнакIэрт, хьэпшып цIугъэнэ фIэкIа зыри зымыльагъуж, зыри кьызыфIэмыIуэхуж цIыху жэкъуахэр щысхьырабгъу хэмылъу сэтей кьищIырт.

Тубай Мухьэмэд и драматургиер хуэтхэкIумафIэт иджырей темэкIэ зэджэжым, гъащIэм кьыщIихьу-кьыщыщIэхэм ар жану япэджэжырт. Арагъэнут Мухьэмэд и пьесэхэр нэхъыбэу гъэщIэн зыщIыр. Зы акт фIэкIа мыхъу пьесэ кIащIхэри зэддапхъуатэу цIыхубэ, студент театрэм ягъэувырт.

Тубайр цIыхуфIу, цIыху гуапэу дунейм тетащ, апхуэдэуи ар бэм игу кьинэжащ.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

Си адэм и фIыщIэ

Насып нэхъ ин дыдэу къызэуэлIахэм ящыщщ Тубай Мухьэмэдрэ Дыщэкl Кlунэрэ я унагъуэм сыкъызэрыщалъхуар. Апхуэдэ псалъэхэр дэтхэнэ зы къуэми, пхъуми хужьIэну къыщIэкIынщ, ауэ егъэлеиуэ адэ-анэфI, зэгурыIуэрэ зэрылъытэрэ я кум дэлъу, сиIащ.

ИЛЪЭС тIощIрэ тхурэ сихьыу арат си адэр дунейм щехьажам. Куэдрэ къэслъыхьащ ар сэ, нобэми сыхуэныкъуэщ. Ауэ сыт пщIэн, гъащIэм и хабзэр аращ. Зэи къэхъуакъым папэ и макъыр къыщыхудришев, уеблэмэ щIалэ цIыкIухэми ящIэкIиертэкъым ар. Нэхъ гъэса, зэпIэзэрыт, цIыху лъагъуГуафIэ уигъэльыхьуэну апхуэдэт.

Зэ закъуэщ зы сечаткъым зэгъуэсу дыщыджэгуну къызэрытхуихуар. Училищэр къэзуха къудейуэ, сэ Мадинэ и ролыр, папэ - Къасым ейр «Мадинэ» спектаклым щыдгъэзэщIауэ щытащ. Апхуэдэуи папэ игъэува спектаклитIым сыхэтащ. Ар Иосеليани и пьесэм къытращIыкIа «Шыгур щхьэпримыдэ щIыкIэ» (нысэ нэхъыщIэм и ролыр згъэзащIэу), езыр и Iэдакъэщ1кI «Насыпыр хьумэ» (Хьэсэн щIыкIуу сыщыщжэгуащ) спектаклэращ. Иужьрейр зыхуитхар сэрат ди адэм.

ИкъуэкIэ цIыху кIуапIэт ди унагъэр. Сытым щыгъуэ хьэщIэ ди куэдт, дэтхэнэ зыми ди бжэр хуэзIухат, щIакхъуэ Iыхьэ псоми дэдгъэшыфырт. Ди адэм и фIыщIэшхуэ хэлъщ абы. Папэ зэкъуигъуэва, иухуа унагъуэ быдзр зэкъуэмыкуу кьызэрыгъэгурыкIуэр сыкъэзыIухуахэм я ехъулIэныгъэщ, щэч хэмылъу. Илъэс плIыщ1ра хырэ хъуащ папэ кьызэрытхэмытыжри, си зы дэлъхуи, си зы ныси, абыхэм я зы быни си жагъуэ хьуну зы псалъэ кьызжаIакъым. Сэри апхуэдэ дыдэу саззэрыхуыщытыным яужь сит зэпытщ.

Театрым кьыщыдэлажьэ артист псори ди адэм и дежкIэ къыпIэт. «Папэ, сит мамэ роль щIомытыр?» - жысIэу сыщеупщIкIэ: «Абы арыншами лэжьыгъэ и куэдщ, адрейхэр зэгъэджэгумэ нэхъыфIщ», - жэуап кьызитырт. Театрым и унафэщIу лажьэу 1957 гъэм артист гупыр Москва ишат ди адэм, игъэлъэгъуа спектаклхэр ягу зэрырихьыж и фIыгъэкIэ артистиплIым «цIыхубэ» цIэ лъапIэр кьыфIащауэ щытащ.

Театрыр кьызэIузыха, абы и лэжьыгъэр зытезыгъэува, гъуазджэм и лъагъуэхэшу щыта артистхэм я гъащIэм куэд хэлъщ дэ щапхъэ тетх хьуну.

ТУБАЙ Рае,
Мухьэмэд ипхъу,
КъБР-м и цIыхубэ артисткэ.

ГъэфIэгъыбзэу «КIунэ цIыкIукIэ» къызэджэрт

Адыгэ, урыс, балъкъэр театрэр зэгъусэу дылажьэу щытащ дэ. Театрыр театрщ, абы зыгуэр щызэмыIыркъыу, щызэфIэмынэу къэхъуркъым, абы щыгуэми Iуэхуцlапlищ ущыхъукIэ. Апхуэдэ щытыкIэхэр тыншу щабэ ищыжыфырт Тубайм. Зэрыхъуари зэрыщIари умыщIэу, жыжьэ къыщыщIидза хуэдэу къыпщыхъу зы псалъэмакъ гуэркIэ Iуэхум гъунэгъу зыкъэхуихущIырти, ар зытриуIэфIэжырт.

БЫНИТХУ зэдапIащ Дыщэкl Кlунэрэ абыхэр, я кум гуапагъэ, лъагъуныгъэ, дахагъэ дэлъу, зыми жиIэр адрейм кьыгурыIуэу, фIэхьэлэмэту, зэддаIыгъыу, зэдзэгушыIэрэ сытри зэхуагъэгъуфу зэдзэпсэуащ. Иужьрейм и зы щапхъэ жжесIэжыни.

...Ещхьыр Мухьэмэдрэ КIунэрэ тIэкIу зэщIыленуэ унэм къыщIэкIащ Театрым кIуэ пэтрэ, зы автобусым итыхьжьэщ. КIунэ ипэмкIэ кIуащ, Мухьэмэд и кIэ бжэмкIэ итIысхьащ. Езы КIунэ дахащэу жиIэжырт ар. Ахъшэ хэзыхьр кьызбгъэдыхьэри, си гуэргущIэр естащ, жи. ИрикIуэрэ Мухьэмэд дежи щынэсым, «мо цIыхубзым щытыпнущ», - жиIэри и Iэр щхьэгъуэсэм дежкIэ ищIащ. Кьегъэзэж ахъшэхэсым. «Сыт хуэдэ лIы, сцIыхуэхэркъым ар сэ», жеIэри КIунэу плъагъум зытримыгъэхъэу кьэувыIэпIэм кьыщокI. КьызэпщIа хьэдагъуэдахэр сыт жиIа щхьэкIэ, КIунэ кьыхуикIуэтыкъым: «Сыт-тIэ, усцIыхуркъымсыкъэпцIыхужыркъым жыпIакъэ?» - жеIэри. Театрым щылажьэхэр зэрызэхэту жаIэжщ, дихьэшхэри абдежым щаухат.

Театрым 1964 гъэм сэ сыщыкIуам щыгъуэ ди театрыр зыхуей хуаГъэзэрти, иджы МэлбахьэуэТимбор и цIэр зезыхъэ библиотекэм репетицэхэр щытщIыкIэт, «Анэм и гур» спектаклым делэжьырт. Си гъусэу еджапIэр кьэзыуха гупым фIэкIа зыри цIыхуурт зэкъым. Артист нэхъыжьхэм щыщ гуэри зззгъэшIыну сыхунэмысауэ, спектаклыр дгъэзэжьэзыри кьызэIухьжьа ди театрым япэу щыдгъэпсыгъащ, зэрыжаIэу «ттащ». ЕтIуанэ махуэм сыщIохьэ театрым, расписанэр зыфIэлъым деж лIы гуп щызэхэтти, Мухьэмэд щIэупщIащ: «Мыра къащтауэ, кьэтхьыхьауэ жьхуаIэ хьыджэбзыр?» - жиIэри. ТIыхъужь Алий нэхъ сыкъыщIыхурти, «аращ» жриIащ. Кьызэзэж, си дамащхьэм и Iэр кьэтрилъхьэри: «Хэт уи цIэр?» - жиIэри кьызэупщIащ. ЩыжесIэм: «АГъу, иджыри кьэс КIунэшхуэ диIамэ, иджы КIунэ цIыкIу кьэтхьихьащи, дзгъуэкъэ ар?!» - жиIэри абдежым КIунэ цIыкIу кьыщысфIищащ. Кьегъэзэж ахъшэхэсым. «Сыт хуэдэ лIы, сцIыхуэхэркъым ар сэ», жеIэри КIунэу плъагъум зытримыгъэхъэу кьэувыIэпIэм кьыщокI. КьызэпщIа хьэдагъуэдахэр сыт жиIа щхьэкIэ, КIунэ кьыхуикIуэтыкъым: «Сыт-тIэ, усцIыхуркъымсыкъэпцIыхужыркъым жыпIакъэ?» - жеIэри. Театрым щылажьэхэр зэрызэхэту жаIэжщ, дихьэшхэри абдежым щаухат.

Театрым 1964 гъэм сэ сыщыкIуам щыгъуэ ди театрыр зыхуей хуаГъэзэрти, иджы МэлбахьэуэТимбор и цIэр зезыхъэ библиотекэм репетицэхэр щытщIыкIэт, «Анэм и гур» спектаклым делэжьырт. Си гъусэу еджапIэр кьэзыуха гупым фIэкIа зыри цIыхуурт зэкъым. Артист нэхъыжьхэм щыщ гуэри зззгъэшIыну сыхунэмысауэ, спектаклыр дгъэзэжьэзыри кьызэIухьжьа ди театрым япэу щыдгъэпсыгъащ, зэрыжаIэу «ттащ». ЕтIуанэ махуэм сыщIохьэ театрым, расписанэр зыфIэлъым деж лIы гуп щызэхэтти, Мухьэмэд щIэупщIащ: «Мыра къащтауэ, кьэтхьыхьауэ жьхуаIэ хьыджэбзыр?» - жиIэри. ТIыхъужь Алий нэхъ сыкъыщIыхурти, «аращ» жриIащ. Кьызэзэж, си дамащхьэм и Iэр кьэтрилъхьэри: «Хэт уи цIэр?» - жиIэри кьызэупщIащ. ЩыжесIэм: «АГъу, иджыри кьэс КIунэшхуэ диIамэ, иджы КIунэ цIыкIу кьэтхьихьащи, дзгъуэкъэ ар?!» - жиIэри абдежым КIунэ цIыкIу кьыщысфIищащ. Кьегъэзэж ахъшэхэсым. «Сыт хуэдэ лIы, сцIыхуэхэркъым ар сэ», жеIэри КIунэу плъагъум зытримыгъэхъэу кьэувыIэпIэм кьыщокI. КьызэпщIа хьэдагъуэдахэр сыт жиIа щхьэкIэ, КIунэ кьыхуикIуэтыкъым: «Сыт-тIэ, усцIыхуркъымсыкъэпцIыхужыркъым жыпIакъэ?» - жеIэри. Театрым щылажьэхэр зэрызэхэту жаIэжщ, дихьэшхэри абдежым щаухат.

Кьэрапьым хьэпшып имыльу щыIащ-тIэ зэман. Кьалэм щыдмыгъэт гъэрхэм кьуажэхэм дыщIихьэлIэу кьыщыщIэху щыIэт. Апхуэдэу Тэрч районым кьыщыспэщIэхуат кримпленым кьыхэщIыкIа кIэстум, гъуэншэдж нуть. СыкъэкIуэжщ, си щхьэгъусэ Мысостышхуэ Пщыізэбий езгъэльагъури, гъуэншэджыр и гуапагъэ хьуакъым, ауэ си жагъуэ имыщIын щхьэкIэ жиIэшхуэри щыIэкъым. Махуэ зы-тIущ дэкIри сыкIуащ театрым зэрыпытыр щыстIагъэри. ЦIыхухъэхэр щызэхэтт бжэIупэми, сыкъызэрылъагъуу ямыгъэщIагъуаплIэр иIэт, сэрат гъэншэдж япэу щызыIтIэгъар. Хэти «Iэу!» жиIащ, адрейми «ураа!» жиIащ, кIэщIу жыIэпмэ, щытыкIэ гугъу дыдэ сыкъихутащ. Си жагъуэ зэрыхъуаврэ сызэрыукIытамрэ гу лъитэри, Мухьэмэд сызыбгъэдыхьащ. «КIунэ цIыкIу, мы щыгъыныр зэбгъэкIуу кьэпщэхуа, уигъэдахэу кьыпщыхьхурэ?», - жиIэу кьыщызэупщIыж, «Тхьэ, дауи, зззмыгъэкIум кьымыщэхунт», - жысIащ. «Абы щыгъуэм, хьет жеГээ, зыми жиIэм уемыдаIуэ, уэ уартистскщ» псалъэхэмкIэ кьызэдиIыгащ.

Унагъуэм псалъэмакъ гуэр ухэтауэ, зыгуэркIэ укъэгубжьауэ репетицэм укIуамэ, занщIэу укьищIэрт. Кьытхэплъэрт, пэжыгъэм зигу хэмыхьэхэм гу лъитэри, ахэр кьишгъанэрт, адрейхэр иутIыпщыкырт. Я гуныкьуэгъуэ, гурыльт жригъэIуэ, я губампIэ дихьуу ябгъэдэст. Ар щIыжысIэращи, набдзэгубдзапIъэт, цIыхур зыхищIыкIыкIрт, дэтхэнэ зы щыи и псэ ухуэкIэр кьыгурыIуэрт. Гулъытэшхуэ хэлът Мухьэмэд. 1960 гъэхэм артистхэм дачэхэр ирату щIадзауэ щытащ. Тубайр кьызбгъэдыхьэри кьызжиIащ хуейхэр кьызэрыхатхыкIыр, сыкиГъэхьэмэ зэрыфIэфыр. Сызэрылажьэрэ илъэс зытIущ фIэкIа зэрымыхъуами, сызэрыщIалэми еплъатэкъым ар, апхуэдизкIэ кьысхуэгуэпэну хуейти.

Егъэлеиуэ цIыху фIыуэ илъагъурт, ныбжьэгъугъэм пищI щыIэтэкъым, хьэлэлыщэт. Адрейхэм нэхъри зыкIи нэхъ кущылейтэкъым, зэфIэкI нэхъыби, хэхъуэ нэхъыби яIэтэкъым - артистхэм сыт я хэкъуэ?! ИтIани цIыху кIуапIэт Мухьэмэдрэ КIунэрэ я унэр, театрым зы цIыхуи щылэжьауэ къыщIэкIынкъым абыхэм я деж щызэхэмысауэ, шыгуЛIастэ щамышхауэ. Кьуажэ дыщIыауэ дыкъэкIуэжмэ, «кхъыIэ, фынеблагъэ» жаIэрэ дыщIашэу, зы чыржын фIэкIа ямыIэми ар кьытралъхьэрэ дыщысу апхуэдэт. ТфIэфыпсуи деблагъэрт, сыту жыпIэмэ гухэхъуэт уабгъэдэсыну, гуныкьуэгъуэу хъуар пщагъэгупщэу цIыху гуапэхэт.

Зы хъыбар бжесIэжынщ КIунэ и фIэрафIагъыу щытам теухуаеу. Тубайм уи фIэщ ищIыфырт абы и Фердинандыр зэрылIыхъужь нэсыр, псэукIэ бэмпIэгъуэмрэ хабзэжь гущыкIыгъуэмрэ къэмыланджэжу ар зэрапэщIэтыр, и псэр пытыху апхуэдэлIыр зэримыкIуэтынур, сыт къыпIыкIуэкIми жиIам зэремыпщIыжьнур. Ещхьыркъабзэу, пыплъыхьэн щымыIэжу артистым уи нэгу къыщIигъэхьэрт цIыху хэлъэфа Фердинанд ауи емыкIуалIэ, езы Мухьэмэд и «Мэжидрэ Марятрэ» узыщрихьэлIэ Асльэмырзэ пцIыIуэпщIыщэм и хьэлщэн гуемыIури.

ГъэщIэгъуэнракъэ, цIыху нэджэщIуджэм и ролым щитым дех езым и теплъэ екIури и макъ гуакIуэри Мухьэмэд гущыкIыгъуэу къыпщIигъэхъуфырти, персонажыр нэхъри гурымыхь абы ищIырт. Абы и щхьэгъщ Щоджэнщыкlу Алий и «Мадинэм» къытращIыкIа спектаклым Къасыму, «Къамботрэ Лацэрэ» Асльэныкъуэу Тубай Мухьэмэд зэрыщщджэгуа щыкIэхэр.

Спектакль щигъэувкIэ Тубайм къызэкъуихыр режиссёрым иIэн хуей хьэл нэхъыщхьэхэр. Абы пьесэм къыхуигъэтыфырт езым и кьеджэкIэ. Арат Тубайм игъэува спектаклхэр зы цIыхум и Iэдакъэм кьыщIэкIа нэхъей щэщIа кьыпщызыгъэхъур, абыхэм щыджэгу актёр псори зы ансамблу зэзышIэр.

Нэхъ мащIэкъым Тубай Мухьэмэд ди драматургием хуищIа хэлъхьэныгъэри. Я темэкIи, я гъэпсыкIэкIи зэмылIэужьыгъуэщ абы и пьесэхэр. Ауэ псом хуэмыдэжу Тубайм нэхъ кьехъулIэрт ауан жанкIэ псыха пьесэхэр. Апхуэдэщ «Насыпыр хьумэ», «Уимыш умышэ», «Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ», «Жьэрыплъэ», нэгъэущIхэри.

Мухьэмэд и пьесэхэр щэрыуэу гъэпсащ. Дауи, сценэм и «щэхуэхэм» фIыуэ щыгъуазэт ахэр зи Iэдакъэщ1кIыр. Абыхэм ущрихьэлIэркъым экспозицэ зэрызелъафэ, кьегъэкIуэкI-негъэкIуэкI гъущэ. Сыт къэхъуми, сыт къапсэлъми - псори сценэм и хабзэ пыухыкIахэм йозагъэ.

Тубайм и пьесэ жанхэмкIэ зуу щIихулIыкIырт «мылажьэу бупкэ зышынкъэм» я напэр, мыльку угъуеиным дихьэхэм ящIэнакIэрт, хьэпшып цIугъэнэ фIэкIа зыри зымыльагъуж, зыри кьызыфIэмыIуэхуж цIыху жэкъуахэр щысхьырабгъу хэмылъу сэтей кьищIырт.

Тубай Мухьэмэд и драматургиер хуэтхэкIумафIэт иджырей темэкIэ зэджэжым, гъащIэм кьыщIихьу-кьыщыщIэхэм ар жану япэджэжырт. Арагъэнут Мухьэмэд и пьесэхэр нэхъыбэу гъэщIэн зыщIыр. Зы акт фIэкIа мыхъу пьесэ кIащIхэри зэддапхъуатэу цIыхубэ, студент театрэм ягъэувырт.

Тубайр цIыхуфIу, цIыху гуапэу дунейм тетащ, апхуэдэуи ар бэм игу кьинэжащ.

ЖЬАКIЭМЫХЪУ КIунэ,
УФ-м щIыхь зиIэ,
КъБР-м я цIыхубэ артисткэ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхъэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Зэм уанэгум къихутэрт, зэми къихурт...

Маршал Конев Иван и гъащIэр дэгъэзеигъуэрэ къегъэзыхыгъуэу зэхэлъ

Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъжь Конев Иван ди ТекIуэныгъэм хэлъхьэныгъэшхэр дыдэ хуэзыщIа цIыхуэ. Абы и унафэм щIэту зауэм мыхьэнэ ин зиIэ Iуэху куэд щызэфIагъэкIащ. Ауэ и гъащIэр зы пщалъэм иту зэпIэзэрыту щытакъым - щылъэпэрапи къэхуащ. 1897 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къалъхуа Иван мэзауэу лэжьэн щIидзащ.

И НЫБЖЬЫР илъэс 19-м иту дзэм ираджащ. ТхэкIеджэкIэ зыщIэ щIалэм ипэщIыкIэ кьалащхьэ академием курс гуэрхэр кьыщрагъэухащ, иужькIэ фронтым ягъэкIуащ. Генерал Брусиловым кьызэригъэпэща ебгъэрыкIуэныгъэ Iуэху цIрыIуэм хэтащ. 1918 гъэм и щIымахуэм и унэ игъэзэжа иужь цIыхухэм я зэхуэмыдэныгъэм зэгуигъэп Коневыр большевикхэм я партым хыхьащ. Ипэ дунейпсо зауэм щызэригъащIахэм я фIыгъэкIэ зэуэ унафэщI хуауэ - Никольск кьалэм комиссару ягъэкIуащ. Нэхъыбэрэ щызэуар кьуэкIыпIэ лъэныкъуэрэ. Ар зи пашэ зауэлIхэр лIыгъэ яхэлъу ипэщIэтащ хужьыдзэкэмрэ япон зэрыпхъуакIуэхэмрэ. Мыбдеж белджылы щыхъуащ абы дзэзешэм и зэфIэкI зэрыбгъэдэлъыр.

Граждан зауэр ауха, кьэралыр щытыкIэ зэпIэзэрыт ивэжа иужьи Коневыр кьарузэхъуэ кьулыкъум кьыпэрыкIакъым. Ар щеджащ Дзэ академие нэхъыщхьэм. 1935 гъэм дивизэм и Iэтащхьэу Монголием ягъакIуэри 40 гъэхэр кьэсыху щыIащ, 1941 гъэм генерал-лейтенант цIэр кьыфIащащ. Зауэм зэрыщIидзэу ар зи унафэщI гупыр ипщэ лъэныкъуэмкIэ ягъэкIуащ. А зэманым нацистхэр псынщIэу Белоруссием и щIыналъэм кьыкIуэцIрыкIырт. Ди кьару куэд Днепр адырыщкIэ щыIэт. Хуагъэфащэрт абыкIэ удын нэхъыщхьэр кьиКIыну. Пэмыплъауэ бийр Белоруссием и шэдылъэ щIыпIэ узыпхрымыкIыфынухэм щIэх дыдэу кьиз зрызэпрыкIам ди зауэлIхэр игъэгужьеят.

Коневыр КъухьэпIэ фронтым ягъэкIуащ щытыкIэр иригъэфIэкIуэжьи я гугъэу. АрщхьэкIэ бадзэуэгъуэм и зэхуэдитIым Витебск ятащ. Ди зауэлI куэд дыдэ кьаухъурейхьащ. Ар и лъабжьэу вермахтым и штаб нэхъыщхьэм и унафэщI Гальдер Гитлер жриIауэ щытащ СССР-м иращIылIа зауэм тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу Германиер щытекIуэну. Абы кьилъытэрт сыт кьэхъуами нэмыцхэр дяпэкIэ зыми кьызэтримыгъэувыIэфыну. Вязьмэ иужькIэ фашистхэм я плъапIэ хъуащ Москва. Смоленск и деж мазитIкIэ зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIащ. Бийм ди армэ зыбжанэ, Конев Иван 19-нэ армэр щытыкIэ гугъэм кьришыжыфащ. Абы Смоленск и деж щигъэхъахэр езы Сталиным игу иритхьащ. Аращ КъухьпIэ фронтым и унафэщI кьулыкъур кьыщIыхуагъэфэщагьи. АрщхьэкIэ жьы кьыщепщэнру иужькIэт...

1941 гъэм и бжьыхьэм бийр Москва кьекIуэлIащ. Абы и «Центр» дзэ гупыр ращхьэдзэмыщхъуэу Витебск и деж кьыщебгъэрыкIуащ. Ар зауэлI мин 500-м щIигъур зэуэ лыгъэм хэхуащ. Ар хэщIыныгъэ хъэлъэ дыдэт. Сталиным и унафэкIэ кьызэрагъэпэщащ кьэхъуар зи зэранкIэ зэхэзыгъэкIыну гуп щхьэхуэ. Псоми ягъэкъуаншэр Коневырт. Комиссэм и унафэщI, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ кьэрал комитетым хэт Молотов Вячеслав тригъэчыныхьырт Конев Иван трибуналым иратыну. Абы кьиКIыр яуклыну арат. Мыбдеж ар кьыщригъэлащ псоми фIыуэ тцIыху Жуков Георгий. Абы Молотовым гуригъэIуэну хущIэхъуащ кьуаншэр Коневым зэримызакъуэр, абы псоми я ягъэ зэрыхэлъыр.

АрщхьэкIэ Молотовым игъэзэщIэн хуейт и пщэ кьралъхьа лэжьыгъэр. Апхуэдэу щыхъуэм, Жуковыр Сталиным и деж псэлъащ:

- Сэ фронтым и унафэщIым и кьалэнхэр си пщэ дэслъхьэжащ, ауэ сынолъэIу Конев Иван си кьуэдзэ пщIыну. Ар мы щIыпIэм щекIуэкI псоми фIыуэ щыгъуаэзщ, хуабжьу кьыхсхуэщхьэпэнущ.

- Уэрэхуэйм хуэдэу щы,- арэзы хьуащ Сталиныр

ЗэрыгурыIуэгъуэщI, абдеж комиссэм и лэжьыгъэр щиухащ.

ЕтIуанэ щIэщхъур кьыщIащ Ржев и деж. Мыбдеж абы и дзэхэм кьащIопэщIэуващ зыхъумэжныгъэ Iэзхуэхэм хуэIэкIуэлъакIуэ дыдэ фашист генерал Модель и кьарухэр. ЕбгъэрыкIуэныр кьащемыхъулIэм, Коневыр фронтым и Iэтащхьэм и кьулыкъум трагъэкIащ. АрщхьэкIэ зы илъэсым кьриубыдэу дзэзешэ акъылифIэ дыдэу зыкъиригъэлъагъуэри ягъэувыжащ. Псом хуэмыдэу Украинэр хуит кьыщащIыжьым.

... Зэгуэр Конев Иван Сталин Иосиф и деж псэлъащ Харьков кьалэр фашистхэм кьызэрыIэщIагъэкIыжамкIэ хъыбар иригъащIэу. Iуэхур зэрекIуэкIа псори хуиIуэта иужь, Сталиныр кьеупщIащ:

- СыткIэ дыпхуэупсэн? Сыт ухуэныкъуэ?

- ЩIакхъуэ бзыгъэ цIыкIу гъэгъуа кьысхуегъэхь, ныбжьэгъу Сталин! - итыжащ жуэап. Хъунымэ, зы ашыкъ пос.

Маршалым и Жуковым хъэзыру ягъуэтакъым: ар шыIэ Iуданэ лъапIэхэмкIэ хадыкIыу арат. ЩыщымэIэм, апхуэдэ вагъуэ зытет дамэтель Ворошиловым хьэхуу кьыIахри щIакхъуэ гъэгъуахэм дыщIагъуауэ щытащ.

Сталиным ищIэрт цIыхум пщIэ зэрыхуищIыну щIыкIэр.

ЖытIэнщи, Украинэр хуит кьэщIыжьыным кьаруушхуэ дыдэ езыхьэIа Коневыр мы зэманым зыкIи ягу кьэщIагъэкIыжыркъым а кьэралым. Ауэ ар зэман Iуэхущ.

Нэхъыщхьэр благъуэ бзаджэм и гъуэ Берлин кьэзыщта советыдзэхэм я унафэщIу щыта Жуковыр, Рокоссовскэр, Коневыр зэи хэмыкIуэдыкIыну тхыдэм кьызэрыхэнарщ.

● КъулыкъущIэхэр

Я напIэр хуадэкъым

Ельцин и министрхэр я хэкуу щытам къыхуодзэлашхэ

Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, 90 гъэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кьрикIуэахэр яльагъу нэхърэ езыхэр зыщалъхуа къэралым пэIэщIэ защIмэ нэхъ кьащтащ. Аэр икIи арэзыкъым.

США-м и щIыпIэ нэхъыфIхэм ящыщ Майами (Флориде штат) зи хэщIапIэ **Козырев Андрей** америкэ телеканалымкIэ Урысейр хэутэн ищIащ икIи Унэ хужьым ехъурджэуащ Кремлым щабэу хущыту жиIэри. ЩIэпхъуэжахэм я хэкуу щытар зэрагъэпудым (зыдзIэпхъуам и властхэм я нэфI зыщрагъэхуэн мурадкIэ) - дэ десэжащ. Ауэ мыр адрейхэм кьащхьэщокI иныгъа кьулыкъур зыхуэдэмкIэ: Ельцин и зэманым УФ-м нэгъуэщI кьэрал IуэхухэмкIэ и министру щытам «Зиусхьэн ХъункIэ» кьеджэрт КьухьэпIэм кьыхуигъэув псори пэрыуэнщэу зэригъэзащIэм кьыхэкIыу. Мызэ-мытIэу жиIащ: «Урысейм иIэкъым езым и лъэпкъ сэбэн зыхэлъхэр»(!) 1996 гъэм и кьулыкъум трагъэкIа иужь зыбжанэрэ хагъэхащ кьухьэпIэ корпораци инхэм я унафэщIхэм я советхэм - яхуищIа Iуэхутхьэбзэхэр ящыгъупщагъэ кьыщIэкIынкъым. А зэманым кьыIэрыхьа ахъшэр ирокъу ар кьызыхуэтыншэу хамэ щIыпIэм щыпсэун папщIэ. Ауэ Козыревым и закъуэ апхуэдэхэр?

ЖиIэхэр дыхьэшхэнщ...

Илъэс 58-рэ зи ныбжь **Илларионов Андрей** 90 гъэхэм яхэтащ рынок реформэхэр кьэзыгупсысахэм, Гайдарэр Черномырдинрэ я правительствэхэм кьулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щиIыгъащ. Урысейм долларыр мелардхэр зиритыжьын хуей кьэралхэм я зэгухьэныгъэу щыт «Париж клубым» драгъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэм жыджэру хэтащ. КьухьэпIэр кьыпэплъэну хьэзырт, ауэ Илларионовым кьиригъэувыIэ Горбачёврэ Ельцинрэ я зэманым кьащта щIыхуэхэр икIэщIыпIэкIэ иратыжьын хуейуэ. Абы щыгъуэми, Урысейм и бюджетыр а лъэхъэнэм доллар мелард 30-м нэсыртэкъым. IэщIагъэлIхэм кьалъытэ кьухьэпIэ банкирхэр Илларионовым хуабжьу кьыхуэупсауэ щытаэу. Арагъэнущ апхуэдизу ныкъуэкьуэныр кьызыхэкIар.

Мы зэманым Вашингтон щопсэу. ЩIэщIэхьурэ ди кьэралым кьыхуодзэлашхэ. Псалъэм и хъэтыркIэ, 2014 гъэм Кърымыр Урысейм кьыхьихьэжа иужь жиIащ «абы кьыкIэлъыкIуэу Финляндиери иубыдыну Кремлым зигъэхьэзыру».

Зыгъэунэхъуахэм ящыщщ

Илъэс 58-рэ зи ныбжь **Вавилов Андрей** 1992 - 1997 гъэхэм УФ-м финансхэмкIэ и министрым и апэ кьуэдзэу лэжьащ, сэкьылат аукционхэр зэриГъэкIуащ: кьэралым щIыхуэ зэрыIихам щыхьэт техьуэ облигацэхэр кьыщIэгъэкIыным теухуа жэрдэмыр кьеЗыхьэжьари аращ. Псори фIы хуэдэт: кьэралым тхьылъмпIэ лъапIэхэр кьыщIегъэкI проценти 2-3 нэхърэ нэхъыбэ щхьэщимытыкIыу. Облигацэхэр кьэзыщIэхум ахъшэ хьарзынэ, кьэралым мылъку зэхуэхьэса яIэрохьэ. АрщхьэкIэ кьэралым пIалъэ кIэщIым тещIыхьауэ и пщэм дилъхьэжа кьалэнхэр пхуэмыгъэзэщIэну кьыщIэкIащ. ЯщыщIыкIэ абыхэмкIэ гъуэнэпщIанэхэр ягъэбыдащ, арщхьэкIэ иужькIэ щIыхуэр ятыжьын хуей хуауэ. Ар кьалъытэ 1998 гъэм кьэралым кьыщIыхуэ дефолтыр кьызыхэкIа щхьэхуэсыгъуэхэм ящыщ зыуэ.

А зэманым правительствэм щылэжьжьыртэкъыми, Вавиловыр а Iуэхум хэмыпщIа хуэдэу хуауащ. АрщхьэкIэ нэгъуэщI кьаугъэшхуэм зэхуащIа: «МиГ» авиакорпорацэм хуатIыпща доллар мелуан 231-р идыгъуауэ ягъэкъуэнщащ, а ахъшэр офшорхэм кьыщцыхутащ.

2002 гъэм кьыщыщIэдзауэ ФедерацэмкIэ Советым хэта ар 2010 гъэм абы епIэщIэкIыу кьыхэкIыжри, Нью-Йорк Iэпхъуащ, зарыримыгъэтIысын мурадкIэ. США-м куэд щIауэ кьыщцыпэплъэрт и унагъуэр.

ХьэкIэпычт икIи IэбжьанэфIейт

1993-1997гъэхэм УФ-м Къэрал мылъкур зехьэныкIэ и кьэрал комитетым и Iэтащхьэм и кьуэдзэу, иужькIэ и Iэтащхьэу лэжьа **Кох Альфред** (илъэс 58-рэ и ныбжьщ) мазихкIэ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер кьулыкъур иIыгащ. Гайдаррэ Чубайсрэ я блигущIэтт. ПриватизацэмкIэ жэуапткIуэт. Хьэрэмыгъэм емыса гуащIэрыпсэухэм я ваучерхэр напэншэхэм ипэжьипIэкIэ пщIэнщэу зыIэрагъэхащ.

Социалист мылъкур и IупэфIэгъуэм пудыбзэу ярищэрт. Псалъэм папщIэ, олигархэ Ходорковский Михаил «ЮКОС» щыдагъэ концерныр доллар мелуани 159-кIэ кьищэхуащ, а зэманым ар ипэжьипIэкIэ доллар мелардхэм я уасэу щыта пэтми.

Мы зэманым ФРГ-м и Розенхайм кьалэм щопсэу. Ар а щIыпIэм 2014 гъэм Iэпхъуащ контрабандэм ехьэлIа уголовнэ Iуэху езым кьыхуэгъэзаэу кьырахьэжьа иужь: сурэтыщI Бродский Исаак и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ зыр хабзэншагъэкIэ Урысейм иришыну хэтат.

ИльэсипIи ипэкIэ Мюнхен кьуэри, Кох удз гъэгъэзащэ щытрипъхьащ Бандерэ Степан и кхъащхьэм. Абы псори кьыбжеIэ.

НэгъуэщIхэри...

Касьянов Михаил 2000 гъэхэм финансхэмкIэ министру, иужькIэ УФ-м и Правительствэм и унафэщIу лэжьащ. Ахъшэ Iуэхуэхэм щыхэтам лъэIуакIуэ кьыхуэкIуэжэм яхуиутIыпщ щыхуэ кьэс езым процентитI кьыIэхыигъэнэжу щытаэу ягъэхъыбар. Премьер кьулыкъур фIэкIуэда иужь оппозицэ ткIийм хьыкащ. «Урысей агрессиер» зэпымыууэ щегъэву США-м и прессэм. Зэман нэхъыбэ щигъэкIуэри а кьэралырщ.

Гусинский Владимир кьэрал кьулыкъуэр иIыгакъым, ауэ яхэтащ Урысейм и экономикм и зэхуэдитIым нэсыр зея олигархэ гупым. Абы кьызэригъэпэща НТВ телекомпанием и лэжьыгъэр зыхуэгъэзар Урысейр игъэикIэныр. Мы зэманым Испаниием щопсэу.

Путачёв Сергей 1996 гъэм екIуэкIа президент хэхьыныгъэхэм Ельциным и штабым и унафэщIхэм ящыщащ, иужькIэ илъэсипщIкIэ ФедерацэмкIэ Советым хэтащ. Финанс хьэгъэщагъэ куэдыкIей зэрихьауэ, мылъку нэгъуэщI кьэралхэм ишауэ щагъэхъуауанэм Урысейр ибгынащ. Иджы Инджылызымрэ Франджымрэ щопсэу.

Ди деж езыхэри я унагъуэри щыпсэун хуейщ

«Апхуэдэхэм я бжьыгъэр куэд мэхъу. Псори зи ягъэр Ельцин и унафэм щIэту 1993 гъэм кьыдагъэкIа Конституцэрщ. Ар зыгъэхьэзырар мис мыбдеж зи гугъу щытщIахэрщ. Хабзэ Нэхъыщхьэм итщ дэ «дунейпсо жылагъуэм дыщыщIы Iыхьэу» Абыхэм ар кьаззэрыгурIуар ди деж мылъку щызэхуахьэсу я жьыгъэр кьэсмэ, зыдэIэпхъуэжьну Вашингтон хуагъэхьэныращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Америкэм и провинцэ кьызэрыгъэкIым хуэдэу дагъэпсэуныращ».

А псалъэхэр зейр Къэрал Думэм и депутат Фёдоров Сергейц. Абы жеIэ щIэн хуейри.

- Дэ езыхэм диIэжьын хуейщ лъэныкъуэкIэ емыплъэкI кьулыкъущIэхэр. Аэрри хьэрычэтыщIэхэри я бынхэр я гъусэу ди кьэралым щыпсэухьэщ. Ар зэбгъэкьуIэну гугъукъым. Псом япэ игъэщыпхъэр дэпщыпIэ щымыIэнырщ.

● Хъыбар гуапэ

Мыщхъуэжьым дрогушхуэ

Ди лэжьэгъум дохъуэхъу адэкIи ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэну!

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ Iапэ.

● Футбол

Республикэ зэпеуэм кърикIуахэр

Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекIуэкIащ «Уличный красава» футболымкIэ урысейпсо акцэм и республикэ зэхьэзэхуэр. Абы хэтащ 2002 - 2003, 2004 - 2005 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэ командэу щыналъэ зэпеуэхэм щытекIуахэр.

2004 - 2005 гъэхэм къалъхуахэм я зэе пашэныгъэр щаубыдащ Дзэлъкъуэ районым и СОШ №1-м и «Юность» командэм. Зы илъэскIэ нэхъыжьхэм я зэпеуэм текIуэныгъэр щыщыкIащ Шэджэм щIыналъэм и «Чегем-2» гупым.

Республикэ Iыхьэм щытекIуахэр хэтынущ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм зздай зэхьэзэхуэу Налшык щекIуэкIынум.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Мини-футбол

Щхьэгъум Мурат ягу къагъэкIыж

Бахъсэн районым и стадион нэхъыщхьэм мы махуэхэм щекIуэкIащ мини-футболымкIэ зэхьэзэхуэр. Ар фэеплъ хуащIащ и кьалэнхэр игъэзащIэу 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м зэкIуэда КъБР-м щыIэ МВД-м и СОБР-м и къудамэм и унафэщI подполковник Щхьэгъум Мурат.

ХабзэкIэ хъуауэ, илъэс кьэс ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэр кьызэIуэыха Бахъсэн щыналъэ администрацэм щIалэгъуалэм ядэлэжьэныгъэ спортымкIэ и къудамэм и унафэщI Гъут Резуан спортсменхэм ехъуэхъуащ джэгукIэ удэзыхьэх кьагъэлъэгъуэну.

Командэ 17 зыхэта зэпеуэр олимп щыкIэм тету зэхэтащ. Дэтхэнэ зы зэIущIэри гуащIэу, дэрэжэгъуэ кьуиту екIуэкIащ.

Фэеплъ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щаубыдащ Кыщпэк кьуажэм дэт курыт еджапIэм и спортсмен ныбжьыщIэхэм. Ислъэмейдзэхэр етIуанэ хъуащ. Жэз медалхэр ялъысащ Кьулъкъужьи ИпщэитI и еджапIэ №1-м и къикIа футболистхэм.

ЩхьэгъумкIэ я унагъуэм кьабгъэдэкIыу футболкэхэр ираташ текIуахэмрэ кьыхэжаныкIахэмрэ. Районым и спорт комитетым нэхъыфIхэр кубокхэмкIэ, медалхэмрэ грамотэхэмкIэ игъэпэжащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Къалэхэр

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Ровинь Хорватием и къухьэпIэ лъэныкъуэм щыIэ кьалэ щыкIущ. Ар Истрие хытIыгу ныкъуэм и Iуфэм Iусщ икIи пасэ зэманым Бенецием къыщежьа архитектурэмкIэ къулейщ. Абы и унэ тельыджэхэм еплъын, тенджызым и Iуфэм зыщагъэпсэхун папщIэ щIыху куэд дыдэ здэкIуэ щыпIэщ. Тхыдэтхэм къалъытэ кьалэ телъыджэр ди эрэм и ещанэ лIэщIыгъуэм къызэрагъэпэщащ. Щыналъэм ущыпсэуну хуабжьу къозэгъ: гъэмахуэр щыхуабэщ, щымахуэр щыщIыIэкъым. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм иужькIэ Югославием щыщащ, 1991 гъэм хамэ унафэ щIэмыт Хорватием и Iыхьэ хъуащ.

Ровинь зэропорткIи, гъущI гъэзугкIи дунейм и щыналъэ куэдым япыщIащ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марин**э (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, Нэщ1эпыщдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узышIагъэр зыхъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмат** *(4, 5, 6-нэ нап.), Компьютерхэр газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Мариив, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.060 ● Заказ №1016